



**GOUVÈNÈ CUOMO PREZANTE 2YÈM PWOPOSIZYON NAN DISKOU ETA LETA 2017  
LAN: TRANSFÒME AYEWOPOÈ ENTÈNASYONAL JFK A POU 21YÈM SYÈK LAN**

***Gouvènè Cuomo Prezante Plan Vizyon pou Transfòme Ayewopò JFK a Pou Reponn  
a Nesesite Ekonomik 21<sup>yèm</sup> Syèk lan***

***Planifye pou Kontinye Revisit Redevlopman LaGuardia nan Atire \$7 Milya nan  
Envestisman Sektè Prive nan JFK***

***Pwojè Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta New York yo  
pou Amelyore Aksè Otowout nan Ayewopò a sou Van Wyck Expressway lan ak Kew  
Gardens Interchange***

***Li Devwale Konpetisyon Konsepsyon an pou 20 Entèseksyon Ki Sou Van Wyck lan  
Ki Mennen Soti Depi nan JFK ale nan New York Pou Kapab Akeyi Vwayajè yo nan  
Rejyon an***

***Kontrandi Nouvo JFK an Yo Disponib [Isit la](#) epi Video Apèsi Pwojè Enfrastrikti Eta  
New York yo Disponib [Isit la](#)***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te prezante jodi yon plan vizyon pou kapab transfòme Ayewopò Entènasyonal JFK a an yon ayewopò ki ekipe pou kapab reponn a demann 21<sup>yèm</sup> syèk yo epi ki merite Eta New York. Baze sou rekòmandasyon Panèl Konsiltatif Ayewopò Gouvènè an (Governor's Airport Advisory Panel), plan vizyon an prezante yon sistèm konpreyansif, nan tout ayewopò a, pou kapab kreye yon ayewopò klas mondyal ki inifye. Nan objektif pou kapab akomode kwasans dramatik ke yo prevwa a nan ayewopò a nan dekad k'ap vini yo, epi kenbe ekonomi New York lan k'ap vanse devan, Gouvènè an te anonse jodi a ke vizyon an te abòde twa domèn kle:

- Transfòme JFK an yon ayewopò klas mondyal, inifye, ki entèkonekte
- Amelyore wout aksè nan ayewopò a
- Elaji wout ray transpò an mas yo pou reponn a kwasans pasaje ki planifye an

“New York pa janm fè bak devan yon defi, olye de sa nou kanpe pou lanse pwojè anbisye yo ke yo konn souvan panse ki enposib. Se ekzakteman sa ki tout objektif transfòmasyon Ayewopò Entènasyonal JFK a”, **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Plan vizyon nou an planifye kreyasyon yon ayewopò entèkonekte ki inifye, ki ap chanje eksperyans pasaje yo epi fè ayewopò a vin pi fasil pou aksede epi sikile. Nou se New York, epi nou sonje fanfawonad ki te konstwi Eta sa an premye lye, epi sa se atitid ki pral pran JFK epi fè li vin tounen ayewopò 21<sup>yèm</sup> syèk lan ke nou merite a. Mwen vle

remèsye panèl lan, espesyalman Prezidan Dan Tishman, menm jan ak tout plizyè patnè nou yo ki te rejwenn nou nan jefò sa.”

Nan etabli yon nouvell oryantasyon nan JFK a, ayewopò a gen potansyèl pou atire jiska \$7 milya nan investisman prive. Transfòmasyon nan ayewopò yo konsantre sou sis domèn santral:

- Entèkonekte tèminal yo nan elaji nouvo tèminal yo epi redevlope/relokalize lòt tèminal yo.
- Refè konsepsyon otowout ki nan ayewopò yo pou evolye an yon konfigirasyon “wout periferik”, pou pèmèt aksè ki pi fasil epi ki rapid nan tout tèminal JFK yo, ki enkli pou taksi, pataj wout ak pou alokasyon veyikil yo.
- Santralize epi elaji espas pakin yo nan plan “wout periferik” lan ak opsyon pakin klè akoutèm ak alontèm yo.
- Asire ekipman klas mondyal yo – ki enkli bon etablisman manje yo, acha ki san enpo yo, lavant an detay ki pi bon yo, ak chanm reyinyon yo – yon pwosesis ki te kòmanse mwa dènye ak inogirasyon tèren pou nouvo TWA Flight Center Hotel lan.
- Elaji wout taksi yo pou redwi reta wout yo epi ajoute nouvo plas vòl avyon yo pou kapab akomode demann pasaje ayewopò yo ki ap devlope san kanpe.
- Aplike teknoloji sekirite modèn yo, ki enkli revizyon regilye yo ak ekspè pati tyè yo pou modènize sekirite nan pi bon pratik global fiti yo tankou rekonansans fasyal ak pwogram siveyans video yo ki enkòpore aktyèlman atravè devlopman enfrastrikti New York yo.

Plan vizyon an abòde wout etwat kle yo nan aksè wout pou ale epi soti nan JFK a sou Van Wyck lan ak Kew Gardens Interchange lan. Gouvènè Cuomo te andòse \$1.5-\$2 milya nan depans ki te fèt pa Depatman Transpò Eta a pou kapab amelyore otowout yo ki ap mennen nan JFK a. Panèl lan te rekòmande tou devlopman plan ki reyalizab yo pou elaji aksè a wout ray transpò an mas yo nan ayewopò a. Panèl lan te prezante opsyon yo ki enkli double kapasite AirTrain lan, ki ap amelyore metwo MTA a ak koneksyon LIRR yo nan AirTrain lan nan Jamaica Station, epi nan eksplòre fezabilite de yon trajè ray ki gen yon chèz pou ale nan JFK.

Rekòmandasyon yo te devwale nan yon prezantasyon PowerPoint, li disponib [isit la](#). Rapò konplè a disponib [isit la](#). Gouvènè an te devwale tou yon video apèsi pwojè enfrastrikti Eta New York yo, li disponib [isit la](#).

Ayewopò JFK an akeyi plis pasaje entènasyonal nan peyi Etazini ke nenpòt lòt ayewopò ki nan peyi a. Ayewopò a se yon motè ekonomik rejyonal ki vital ki ap desèvi yon rekò 60 milyon pasaje an 2016, epi li sipòte plis pase 285,000 travay ane pase. Yo prevwa ke kantite pasaje yo nan JFK pral ogmante dramatikman pandan pwochèn plizyè dekad yo – pou rive 75 milyon apati 2030 ak 100 milyon pasaje apati 2050. JFK aktyèl lan pral atenn kapasite sa apati mwatye 2020 yo. Pou chak milyon pasaje yo ke JFK pa rive akomode, rejyon an pèdi anviwon \$140 milyon nan salè yo, \$400 milyon nan lavant yo, ak 2,500 pòs travay.

Nesesite pou poze aksyon nan JFK a se rezilta istwa etap pa etap, priz desizyon enpwovize ayewopò a. Eritaj sa te pwodwi kondisyon aktyèl ayewopò a ak tèminal yo ki dekonekte, yon eksperyans pasaje ki enkonsistan, etablisman yo ki ap epwize rapidman kapasite yo, otowout ki nan ayewopò yo ki konfi pou sikile, ak yon ayewopò ki ap vin deplizanpli difisil pou aksede a li. JFK klase aktyèlman 59yèm pami 100 pi bon ayewopò nan mond lan yo, epi li tonbe twò ba nan estanda global aktyèl yo. San yon plan majestyè ki byen konsevwa ki ap abòde mezi konpreyansif yo ki mansyone pa Panèl la, New York pral tonbe menm pi ba apre konpetitè global yo.

“Nan non Panèl konsiltatif la, mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo poutèt lidèchip ak sipò li nan devlope rekòmandasyon sa yo pou kapab transfòme Ayewopò JFK a”, **Dan Tishman, ki se CEO Tishman Construction Company epi Prezidan Panèl Konsiltatif Plan Majestyè Ayewopò Gouvènè an, te deklare**, “Nou te travay de prè ak Port Authority, Depatman Transpò Eta New York, MTA ak operatè liy ayeryèn yo, pou kapab bay yon plan ki pral benefisye jenerasyon k’ap vini yo. Se te yon onè pou sèvi bò kote ak an patenarya ak pwofesyonèl sa yo pou kapab reyamenaje pòt prensipal yo nan eta ak rejyon nou an.”

**Pat Foye, ki se Direktè Ekzekitif Port Authority nan New York ak New Jersey, te deklare**, “Nan tan lontan, Ayewopò John F. Kennedy an te yon santral transpò klas mondyal, ki te anvyè pa tout nasyon an. Jounen jodi a, li chaje ak sikilasyon epi li sichaje ak sistèm ki demode yo ak enfrastrikti ki ap deklina yo. Plan modèl Gouvènè Cuomo an pou revitalize JFK an li pral retounen mete New York sou kat la antan ke yon destinasyon prensipal, nan konstwi yon nouvel pòt an lò nan eta sa. Atravè investisman estratejik ak jefò kolaboratif yo nan sektè prive ak piblik yo, achèvmman sant transpò modèn sa pral reponn a nesesitye vwayajè 21yèm syèk yo pou plizyè dekad k’ap vini yo.”

**Matthew Driscoll, ki se Komisè Depatman Transpò Eta New York, te deklare**, “Pote moun ale epi soti nan ayewopò a li se yon pati ki esansyèl nan eksperyans pasaje a, epi nou espere wè vizyon Gouvènè Cuomo pou amelyore aksè otowout yo nan JFK a vin tounen yon reyalite. Nan eliminie wout etwat yo epi ajoute sou kapasite yo, nou pral redwi tan trajè ak emizyon gaz veyikil yo, epi devye sikilasyon an lwen lari lokal yo – tout sa ki ap fè JFK vin yon pi bon ayewopò, epi an konsekans amelyore konpetitivite ekonomik global New York lan.”

**Tom Prendergast, ki se Prezidan ak CEO MTA, te deklare**, “Elaji aksè nan transpò an mas yo ak kapasite nou pou fè moun sikile yon fason ki efikas epi ki konfòtab, sa enpòtan anpil pou kwasans rejyon an – epi nou rekonesan dèske Gouvènè Cuomo ap fè aksè a wout ray yo yon priyorite nan transfòmasyon Ayewopò JFK a. Plis li fasil pou sikile nan transpò an mas yo, se plis moun yo pral itilize li. Plan pou remanye Jamaica Station lan epi amelyore koneksyon yo pou aksè ayewopò an, sa pral ankouraje moun yo soti nan machin yo, sa ki ap ede redwi anbouteyaj sikilasyon ak polisyon yo - epi sa ap ede nou tout.”

## **Tranfòmasyon Nan Ayewopò a: Akomode Demann yo Ki Ap Ogmante epi Bay Yon Eksperyans Pasaje ki Konsistan, de Klas Mondyal, epi ki Sekirize**

Gouvènè Cuomo ansanm ak vizyon Panèl lan pral fè ayewopò a vin tounen yon etablisman iltramodèn ki mete pasaje yo an premye. An jeneral, sa mande yon itilizasyon ki pi efikas de tèren ki nan zòn tèminal santral ayewopò a, epi li enkli rekòmandasyon sa yo pou aksyon pou kapab pi byen pozisyon JFK pou reponn a estanda aktyèl yo pou yon ayewopò global ki ap mennen:

### **Kreye Yon Ayewopò Ki Inifye**

Yon fonksyon santral nan rekòmandasyon Panèl lan se pou chak pwojè vanse devan nan sistèm yon konfigirasyon tèminal lan ki pi inifye epi fè li vin pi fasil pou pasaje yo kapab konekte ant tèminal yo.

- Tèminal ki Entèkonekte yo: Elaji nouvo tèminal yo epi redevlope epi relokalize sa ki pi ansyen yo. Pandan ke nouvo tèminal yo ap elaji, yo ta dwe konsevwa pou konekte ak tèminal avwazinant yo fason ki pi posib yo. Pandan ke ansyen tèminal yo ap rekonstwi epi redevlope, planifikasyon yo ta dwe kenbe an kont vizyon yon ayewopò ki inifye.
- Ranje Wout ak Pakin ki Nan Ayewopò JFK an yo: Plan vizyon an detaye neseseite pou demele rezo espageti ki konfi an nan wout ayewopò yo ki mennen nan divès wout etwat ak pwèn anbouteyaj yo. Plan an souliye neseseite pou transfòme rezo otowout sa ki gen plizyè pwèn anbouteyaj ak wout etwat yo nan yon apwòch “wout periferik” ki ap pèmèt aksè ki pi fasil epi ki pi rapid nan tout tèminal yo, ki enkli pou taksi, pataj wout ak pou alokasyon veyikil yo. An plis nouvo espas pakin santralize yo nan plan “wout periferik” lan pral pèmèt opsyon pakin klè akoutèm ak alontèm yo nan tou ayewopò a.

### **Yon JFK Klas Mondyal**

- Kreye yon Seri Estanda pou Ekipman yo: Pandan ke tèminal yo ap redevlope epi elaji, vizyon an mande pou asire ke yo gen yon seri gwo estanda ki konsistan ki ap asire ekipman klas mondyal yo. Ekipman sa yo ta dwe enkli bon etablisman manje yo, acha ki san enpo yo, lavant an detay ki pi bon yo, ak chanm reyinyon ak konferans yo. Pwosesis sa te kòmanse mwa dènye ak inogirasyon tèren pou nouvo TWA Flight Center Hotel lan. Mwa pase a, Gouvènè Cuomo, ansanm ak konpayi investisman nan otèl MCR ki baze nan New York, te inogire tèren nan TWA Flight Center (Sant Vòl Trans World Airlines) lejandè a ki nan Ayewopò Entènasyonal JFK.
- Amelyorasyon Bò Pis yo: Plan vizyon an mande pou gen wout taksi ki elaji yo ki pral abouti a mwens reta wout yo, epi li mande pou travay ansanm ak FAA (Administrasyon Avyasyon Federal) pou kapab ogmante kantite espas vòl ayewopò yo pou kapab akomode ogmantasyon pasaje ayewopò an.

· Sekirize JFK Pou 21<sup>yèm</sup> Syèk lan: Vizyon an mande pou reyalize teknoloji sekirite modèn yo ak revizyon regilye yo ki enkli patisipasyon ekspè global pati tyè yo, pou kapab asire ke teknoloji sekirite ayewopò an yo konfòm ak dènye pi bon pratik global yo.

Yon ekip revizyon kolektif leta-federal te devlope resamman yon seri rekòmandasyon pou kapab amelyore repons ijans yo epi amelyore sekirite nan JFK. Baze sou revizyon an, New York ap reyalize kat (4) rekòmandasyon sekirite:

1. Etabli yon sèl pwotokòl operasyon inifye yo pou tout fòs sekirite yo ki sou perimèt lan.

2. Mennen ekzèsis fòmasyon kolektif ki kowòdone ant ajans sekirite lokal, federal ak Leta yo.

3. Amelyore pwosedi evakyasyon nan etablisman ayewopò yo.

4. Ekzije fòmasyon sekirite konpreyansif ap preparasyon ijans yo pou tout anlwaye ayewopò yo

· Pwogram premye nan nasyon an li deja ap vanse; yo te òganize premye sesyon an nan dat 20 Desanm.

· Èv Atistik Piblik – Konpetisyon Konsepsyon Pòt Prensipal JFK: Nan dènye sis ane yo, Eta New York te retabli angajman li nan èv atistik piblik yo. Antan ke pwochen eleman vizyon sa, Gouvènè a te anonse jodi a yon konpetisyon konsepsyon nan 20 entèseksyon ki sou otowout yo ki mennen an deyò JFK a, pou kapab itilize èv atistik piblik yo pou akeyi vwayajè yo nan New York ak nan rejyon an. Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, Eta a te retounen kapte gwo anbasyon pou enkòpore èv atistik nan pwojè enfrastrikti yo – ki enkli pi gwo enstalasyon èv atistik piblik pèmanan nan istwa New York nan Metwo Second Avenue an.

### **Ankouraje Investisman Prive**

· Plan vizyon Panèl lan endike kijan transfòmasyon an kapab atire jiska \$7 milya nan investisman prive. Menm jan ak pwojè redevlopman Ayewopò LaGuardia ki te reyisi an, Panèl lan kwè ke genyen potansyèl pou ankouraje investisman sektè prive ki konsiderab pou bay nan nouvo JFK. Nan Ayewopò LaGuardia, de (2) tyè nan plis pase \$8 milya ke yo ap itilize pou konstwi nouvo etablisman yo li peye pa sektè prive a.

### **Redwi Anbouteyaj epi Amelyore Aksè Wout yo nan Ayewopò a**

Tan vwayaj aktyèl nan JFK yo iprevizib epi yo ka dire nenpòt kantite ant 35 minit jiska de (2) èdtan. Gouvènè Cuomo ap òdone Depatman Transpò Eta New York lan pou debloke \$1.5-\$2 milya nan amelyorasyon pou abòde pwoblèm de (2) wout etwat majè yo.

Yonn nan pwoblèm ki pi konsiderab yo nan aksede JFK a se wout etwat ki nan Kew Gardens Interchange ki ant Grand Central Parkway, Van Wyck Expressway, Jackie Robinson Parkway ak Union Turnpike. Depatman Transpò Eta a pral elaji kapasite wout

lan nan entèseksyon ki ant Grand Central ak Van Wyck lan, epi elaji ranp konektè aktyèl yo ki nan toulède direksyon yo, soti de (2) liy wout pou rive twa liy wout nan nouvo ranp konektè an nan chak direksyon.

Sou Van Wyck Expressway lan, DOT pral ogmante kantite liy wout yo soti nan twa liy wout nan chak direksyon pou rive nan kat liy wout nan bò dwat otowout aktyèl la. De nouvo liy wout sa yo pral yon “liy wout ak itilizasyon ki jere” pou kapab pèmèt ajisteman yo ki depann de demann yo – ki enkli bis eksprès oswa sèvis HOV (Veyikil Wot Okipasyon).

Amelyorasyon sa yo nan rezo otowout New York lan pral gen avantaj konsiderab:

- Chanjman nan entèseksyon Grand Central/Van Wyck yo, ak nan pwòp Van Wyck lan yo pral fè otomobilis yo ekonomize yon tan vwayaj konbine 7.4 milyon èdtan chak ane pou ale epi soti nan JFK a.
- Rediksyon nan sikilasyon yo pral amelyore dirèkteman kalite lè a nan koupe emizyon gaz epi redwi konsomasyon kabiran an. Chanjman sa yo pral redwi emizyon gaz yo de yon anviwon 30 pousan, ekonomize 10.8 milyon galon kabiran ak \$27 milyon.
- Devyasyon sikilasyon otorout yo lwen de lari lokal yo sa pral redwi bri pètibatè ak anbouteyaj yo nan kominote ki alantou yo.

## **Elaji Kapasite Transpò An Mas pou Repons a Kwasans ki Prewva a**

Depi ouvèti li an 2003, AirTrain JFK a te depase tout pwojeksyon kantite pasaje yo. An repons a kwasans dramatik kantite pasaje yo nan JFK, se yon priyorite pou elaji kapasite wout ray transpò an mas yo. Plan vizyon Panèl Konsiltatif la bezwen konsiderasyon de (2) fason yo pou amelyore wout ray transpò an mas yo nan JFK.

- Opsyon 1: Elaji AirTrain JFK an
  - Ogmante kapasite a soti de (2) vagon pou rive kat (4) pa tren epi ogmante frekans li an - Chanjman sa yo pral pèmèt AirTrain lan pou prèske double kapasite li epi jere plis pase 40 milyon pasaje chak ane.
  - Amelyore fasilite nan koneksyon nan Metwo a oswa LIRR pa entèkoneksyon ki rekonstwi totalman nan Jamaica ak Sutphin Blvd – Remanye konplètman metwo a ak koneksyon Long Island Railroad lan ak AirTrain JFK a. Amelyorasyon sa yo ta pral enkli ekipman modèn esansyèl yo tankou asansè ak eskalye a wot pèfòmans yo, chaje estasyon yo epi elaji koulwa yo. Yon balkon ki modènize pral kreye sikilasyon ki pi senp ak transfè ki pi fasil nan AirTrain lan ki enkli acheminman ki amelyore yo ak ekran LED sitiyasyon vòl avyon yo. Ou kapab jwenn isit la imaj Jamaica Station ak koneksyon AirTrain ki transfòmè a.
- Opsyon 2: Eksplòre fezabilite trajè yon sèl chèz yo nan JFK – JFK se yonn nan sèl ayewopò majè yo nan mond lan ki pa ofri vwayajè yo yon trajè yon sèl chèz

nan sant vil li an. Kidonk, panèl lan rekòmande pou MTA ansanm ak patnè li yo eksplore ansanm fezabilite trajè yon sèl chèz la nan JFK.

**Robin Hayes, ki se Prezidan ak CEO JetBlue Airways, te deklare,** “Antan ke liy ayeryèn vil natal New York ki ap desèvi ywit ayewopò atravè eta a, ki enkli lakay nou nan JFK, JetBlue sipòte aktivman plan majestyè Gouvènè Cuomo an pou yon JFK 21yèm Syèk. Nou felisite Panèl lan poutèt li devlope yon plan konpreyansif pou ayewopò a, epi poutèt yo konsantre sou amelyorasyon wout ak wout ray yo ki ap rann li pi fasil pou vwayajè yo ale nan epi sikile nan ayewopò a.”

**Gert-Jan de Graaff, ki se Prezidan ak CEO JFK International Air Terminal (JFKIAT), te deklare,** “Nou aplodi vizyon Gouvènè Cuomo pou yon JFK 21yèm Syèk, epi nou se yon sipò solid pou rekòmandasyon Panèl Konsiltatif Ayewopò an pou yon redevlopman JFK ki konpreyansif, ki santre sou pasaje yo. Lè nou mete eksperyans pasaje yo an premye nan bay pwosesis ki fasil ak bon etablisman yo, sa se objektif ke JFKIAT ap travay di pou li, epi nou espere travay de prè ak Port Authority nan fè vizyon Gouvènè Cuomo an vin yon reyalyte .”

**Ed Bastian, ki se CEO, Delta Air Lines, te deklare,** “Ane pase Delta te rejwenn Gouvènè Cuomo nan sipòte vizyon li an pou yon Ayewopò LaGuardia 21yèm syèk, epi jodi a nou fyè pou nou sipòte plan li a pou yon JFK klas mondyal ke Nouyòkè yo kapab espere epi ke yo merite.”

**Doug Parker, ki se Prezidan ak CEO American Airlines, te deklare,** “American Airlines aplodi Gouvènè Cuomo poutèt li kreye vizyon sa pou yon JFK 21yèm syèk. Reyalizasyon rekòmandasyon Panèl lan yo pral eleve eksperyans vwayaj kliyan yo, epi pèmèt pou JFK mentni pozisyon kòrèk li antan ke yon pòt prensipal global klas mondyal pou jenerasyon k’ap vini yo.”

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418